

Kesyon yo poze souvan sou vaksen COVID-19 la

Mizajou: 24 oktòb 2022

Dènnye Gid Rapèl COVID-19

Ki sa ki vaksen rapèl resan COVID-19 la?

- Nan dat 1ye septanm 2022, Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi (CDC) te rekòmande pou pasyan ki gen laj 12 an oswa plis. Nan dat 12 oktòb 2022, [CDC](#) te elaji itilizasyon rapèl resan rive timoun ki gen laj 5-11.
- Rapèl resan yo "bivalan". Vaksen bivalan yo pwoteje kont de (2) viris diferan oswa de (2) souch menm viris la. Kalite vaksen sa a pa nouvo. Anpil vaksen komen ka pwoteje kont menm plis pase de (2) kalite viris oswa souch viris, tankou vaksen kont grip la. Vaksen rapèl resan COVID-19 yo vize souch orijinal COVID-19 la ak nouvo varyant omicron an. [Efè segondè](#) rapòte yo sanble ak pou vaksen orijinal la.

Kilès ki ka pran yon vaksen rapèl resan?

Ou elijib pou dènnye rapèl la si:

- Ou te konplete yon [seri prensipal vaksen](#) ak youn nan vaksen COVID-19 yo **AK**
- Omwen 2 mwa gentan pase depi dènnye dòz seri prensipal vaksen yo oswa nenpòt dòz rapèl

Tanpri sonje ou elijib pou rapèl resan sa a kèlkeswa kantite piki rapèl ou te resevwa anvan.

Èske dènnye rapèl yo apwouve pou tout laj?

- Rapèl bivalan Pfizer pou COVID-19: apwouve pou pasyan ki gen laj 5 an oswa plis
- Rapèl bivalan Moderna pou COVID-19: apwouve pou pasyan ki gen laj 6 an oswa plis

E pou rapèl anvan an (sa yo rele rapèl "monovalan" kounye a)?

Avèk apwobasyon FDA pou rapèl resan yo, vaksen orijinal COVID-19 [yo pa apwouve ankò](#) kòm rapèl pou moun ki gen laj 5 an oswa plis. FDA a te pran desizyon sa a paske rapèl resan an fèt pou l ofri plis pwoteksyon kont varyan omicron k ap sikile a.

Mwen deja gen COVID. Èske yo ta dwe tann pou pran rapèl yo?

Moun ki gen enfeksyon COVID-19 aktif pa ta dwe resevwa yon dòz vaksen COVID pandan yo nan izolman (sa enkli yon dòz rapèl). Moun yo dwe refè apre maladi epi yo dwe soti nan izolman obligatwa anvan yo resevwa vaksen COVID la.

Menm si ou te gen COVID, li ta dwe toujou pran yon rapèl. Gen prèv k ap grandi ke vaksinasyon apre enfeksyon ogmante pwoteksyon kont lòt enfeksyon ankò ak entèn lopital.

Si ou te enfekte ak COVID-19 nan twa dènnye mwa yo, sa ki annapre yo aplike:

1. Retade vaksinasyon jiskaske ou refè anba maladi egi a epi ou satisfè kritè pou sispann izolman.
2. Konsidere retade seri prensipal oswa dòz rapèl la pa 3 mwa apati aparisyon sentòm oswa tès pozitif. Faktè endividyèl tankou risk pou yon [enfeksyon grav COVID-19](#), [nivo kominote a](#), ak karakteristik souch dominant la ta dwe pran an konsiderasyon lè w ap detèmine si pou retade pran vaksen COVID-19 apre enfeksyon.

Li plis sou [sit entènèt CDC la](#).

Mwen poko fini seri prensipal mwen yo – èske mwen ka pran dènye rapèl la?

Si ou poko kòmanse seri prensipal vaksen kont COVID ou, ou ta dwe al vaksinen. Ou ka jwenn plis enfòmasyon sou seri prensipal vaksen COVID-19 sou [sitwèb CDC la](#).

Si ou te kòmanse seri prensipal vaksen w, men ou poko fini li, w ap bezwen tann pou pran rapèl resan w. Ou elijib pou rapèl resan an omwen de mwa apre ou fin ranpli seri prensipal vaksen w la.

Ki kote mwen ka jwenn yon vaksen COVID-19 (vaksen prensipal, oswa rapèl resan)?

- Gen anpil kote pou pran vaksen nan kominote w la. Pou jwenn yon randevou nan yon famasi oswa yon lòt kote toupre w, vizite [vaccines.gov](#), [vaxfinder.mass.gov](#) oswa [vaccines.nh.gov](#); voye tèks kòd postal ou a nan 438829; oswa rele 1-800-232-0233.
- Mass General Brigham ap ofri vaksen (seri prensipal ak rapèl) nan anpil biwo swen prensipal ak kèk biwo espesyalite ansanm ak vizit.
- Mass General Brigham pral kontinye distribye vaksen tou nan kamyon mobil kominotè nou yo. [Tcheke orè a](#) pou w wè si kamyonèt yo ap toupre w.

Èske piki rapèl mwen an ta dwe menm kalite vaksen mwen te resevwa a, oswa èske mwen ka "melanje e matche"?

Pou vaksen rapèl, yo rekòmande yon vaksen ARNm (sa vle di, Moderna oswa Pfizer-BioNTech). Se rapèl (bivalan) Pfizer-BioNTech resan an sèlman ki rekòmande kounye a pou timoun ki gen laj 5 an yo resevwa. Moun ki gen laj 6 an oswa plis ka resevwa yon pwodwi pou rapèl resan yo diferan de sa yo te resevwa pou seri prensipal yo oswa dènye rapèl yo.

- Gen kèk sitiyasyon limite moun ki gen laj 18 an oswa plis ka itilize vaksen Novavax, tankou moun ki te konplete seri prensipal yo epi ki pa te resevwa okenn dòz rapèl anvan. Si yo pa kapab resevwa yon vaksen ARNm COVID-19 akòz yon reyaksyon alèjik grav apre yon dòz anvan oswa kont yon eleman nan yon vaksen ARNm COVID-19 OSWA
- Pa vle resevwa yon vaksen ARNm epi otreman pa ta resevwa yon dòz rapèl.

Seri Prensipal Vaksen (Sa Enkli Dòz Prensipal Anplis)

Ki diferans ki genyen ant yon dòz prensipal anplis ak yon dòz rapèl?

Yon dòz rapèl ak yon dòz prensipal anplis pa menm bagay la. Yon lòt dòz prensipal rekòmande pou moun ki gen [sistèm iminitè frajil](#). Li rekòmande pou pasyan ki gen sistèm iminitè konpwomèt yo resevwa yon lòt dòz vaksen prensipal pou ogmante nivo pwoteksyon yo kont viris la. Dòz anplis sa a konplete seri vaksen prensipal pou pasyan sa yo.

Yon rapèl se yon dòz anplis vaksen an pou ranfòse sistèm iminitè a nan yon pasyan akòz iminite ki bese ofiramezi.

Èske mwen bezwen yon dòz prensipal anplis?

Moun ki gen 5 an oswa pi gran ki gen iminitè frajil pa twò grav oswa grav ta dwe resevwa yon dòz prensipal anplis. Sa yo se moun ki:

- Ap swiv tretman pou kansè aktyèlman



- Te grefe youn ògàn solid epi k ap pran medikaman ki febli sistèm iminitè a
- Te resevwa tretman selil CAR-T
- Te fè yon grefaj selil (souch) nan de (2) l'ane ki sot pase yo oswa ap pran medikaman – pou siprime sistèm iminitè (ki febli sistèm defans kò yo) a apre yon grefaj selil souch
- Gen defisyans iminitè (iminitè fèb – atrape mikwòb fasil lè ou ekspoze a enfeksyon) fason pa twò mal oswa grav (ki gen ladan tout pasyan k ap resevwa IVIg oswa SCIg pou yon defisyans iminitè tankou iminodefisyans varyab komen (CVID); pasyan ki gen lòt defisyans iminitè ki pa resevwa IgG ka konseye yo chak apa)
- Gen enfeksyon VIH (sida) ki avanse (anjeneral defini kòm yon kantite CD4 ki pi ba pase 200 oswa yon pousantaj CD4 ki mwens pase oswa egal a 14) oswa enfeksyon VIH ki pa trete.
- Ap pran gwo dòz kòtikoterapi (sa vle di ekivalan a 20 miligram oswa plis Prednisone pa jou).
- Ap pran lòt medikaman ki ka siprime repons iminitè (ki detwi resistans kò) a (sa vle di inibitè nèkwoz timè oswa lòt ajan byolojik ki iminosipresif oswa iminomodilatwa tankou rituximab, ocrelizumab).

Mwen tande ke tan ki genyen ant de premye dòz prensipal yo ka pwolonje. Èske mwen ta dwe tann 8 semèn ant 1ye ak 2yèm dòz vaksen mRNA COVID-19 mwen yo (sa vle di, vaksen Moderna ak Pfizer) selon nouvo konsèy CDC la?

CDC aktyalize entèval vaksen yo pou moun ki gen 12 an oswa plis. Pou moun ki pa gen pwoblèm iminitè ki gen 12 an oswa plis, espesyalman gason ki gen laj 12-39 an, gen plis fleksibilite nan orjè pou dezyèm dòz la pou vaksen Pfizer ak Moderna. Yo rekòmande yon entèval 8 semèn ant premye ak dezyèm dòz.

- Yo ka bay dezyèm dòz Pfizer ant 3-8 semèn apre premye dòz la
- Yo ka bay dezyèm dòz Moderna ant 4-8 semèn apre premye dòz la

Tanpri sonje ke kèk moun dwe kontinye respekte a satisfè entèval 3 semèn pou Pfizer ak 4 semèn pou Moderna. Sa yo enkli moun sa yo:

- Moun sistèm defans ko yo frajil (sistèm ki ede yo konbat kont enfeksyon ak yon mikwòb). Ou ka jwenn rekòmandasyon pou moun ki iminokonpwomi sou [sitwèb CDC la](#).
- Granmoun ki gen 65 an oswa plis
- Lòt moun ki bezwen pwoteksyon rapid akòz plis enkyetid konsènan transmisyon nan kominote a oswa risk pou yo gen yon maladi grav.

Sonje ke vaksinasyon an se pi bon fason pou anpeche maladi grav nan COVID-19. Asire w ke tout moun nan kay la pran vaksen an e ke yo [opa](#) ak rekòmandasyon rapèl. Sa a se espesyalman [enpòtan](#) si oumenm oswa yon manm fanmi gen [kondisyon](#) ki mete yo nan gwo risk.

Mwen pedi kat vaksinasyon COVID-19 mwen an. Èske mwen ka ranplase li?

Malgre ke nou pa ka ranplase kat vaksen CDC fizik la, pasyan ki te pran vaksen nan yon etablisman Mass General Brigham ka resevwa istwa vaksen yo atravè [Patient Gateway](#). Pasyan ki te resevwa vaksen COVID-19 yo atravè yon founisè Mass General Brigham kapab jwenn aksè nan dosye vaksen yo kounye a sou fòm dijital oswa atravè yon kòd QR atravè Patient Gateway.

1. Konekte nan kont Patient Gateway ou a, klike sou Meni, epi chwazi COVID-19 (jis anba Dosye Mwen).
 - Enfòmasyon sou vaksen COVID-19 ap parèt si w fin pran seri vaksen COVID-19 ou (de (2) dòz Pfizer, de(2) dòz Moderna, oswa yon sèl dòz J&J).
2. Depi nan dosye sa a, ou ka fè nenpòt nan aksyon sa yo:



- Klike sou flèch pwente desann pou w wè enfòmasyon sou vaksen an.
 - Klike sou kòd QR a pou ouvri yon kòd QR ki ka eskane (si sa nesèsè nan yon etablisman pou tcheke detay vaksinasyon an).
 - Klike sou Telechaje/Espòte pou pwodui yon PDF enfòmasyon sou vaksen ki ka enprime oswa sovgade.
3. Opsyon Ekspòte nan Bous Sante disponib kounye a pou itilizatè iPhone ak Android. Itilizatè Android ki pa wè opsyon sa a ap bezwen mete aplikasyon yo ajou nan dènnye vèsyon an atravè Google Play.

Si ou pa yon pasyan ki anrejistre nan Patient Gateway la aktyèlman, ou ka mande yon kopi dosye vaksinasyon w an papyè nan men Depatman Jesyon Enfòmasyon Sante (Health Information Management—HIM) Mass General Brigham. W ap bezwen ranpli yon fòm Otorizasyon pou divilge enfòmasyonpowoteje sou sante. Fòm lan disponib [isit la](#). Ou ka voye fòm ranpli a pa faks oswa poste li, epi enstriksyon yo enkli nan kwen anlè adwat fòm nan.

Si ou te pran vaksen an andeyò sistèm Mass General Brigham a, w ap bezwen mande yon kopi enfòmasyon sou vaksen an nan men founisè orijinal la (pa egzanp, CVS, Walgreens).

Depatman Sante Piblik Massachusetts bay konsèy anplis sou fason pou ranplase kat ou [isit la](#).

Konsènan vaksen COVID-19 FDA otorize pou itilizasyon ijans kounye a

Èske vaksen yo an sekirite ak efikas?

Nou pa p rekòmande okenn vaksen ki pa te demontre an sekirite ak efikas. Tout vaksen COVID-19 yo pwouve efikas nan anpeche maladi grav, entènè lopital ak lanmò akòz COVID-19. Rezilta sa yo te konsistan atravè sèks, laj, ras, ak etnisite. Li enpòtan pou tout moun ki gen laj 18 an oswa plis pou yo pran yon piki rapèl paske etid yo montre ke efikasite vaksen kont enfeksyon yo ap bese avèk letan. Gade enfòmasyon sou sitwèb CDC la.

FDA te akòde otorizasyon konplè pou de vaksen COVID: Pfizer ak Moderna.

- Nan dat 23 out 2021, FDA te bay vaksen Pfizer la [otorizasyon konplè](#) pou pasyan ki gen plis pase 16 an. Kounye a li rele Comirnaty. Vaksen an toujou disponib anba otorizasyon ijans pou timoun ki gen laj 5 a 15 ane ak pou administrasyon yon dòz prensipal anplis dòz nan kek pasyan sistèm pwotektè kò yo feb.
- FDA te akòde tou vaksen Moderna [otorizasyon konplè](#) pou pasyan ki gen laj 18 an oswa plis nan dat 31 janvyè 2022. Kounye a, li pral rele Spikevax.

Vaksen COVID-19 Johnson & Johnson yo ap itilize anba otorizasyon ijans pa FDA a.

Chak vaksen sibi yon pwosesis revizyon regilasyon strik. Nou toujou ap kontwòle nenpòt enkyetid klinik oswa sekirite pou tout vaksen yo.

Èske gen nenpòt enkyetid konsènan efè segondè grav nan vaksen Johnson & Johnson (Janssen)?

FDA ak CDC te modifye enfòmasyon sou vaksen Johnson & Johnson (Janssen) COVID-19 akòz yon pwoblèm sekirite potansyèl. Te gen kèk rapò trè ra nan ka yon kalite boul san ki rele tronboz ak sendwòm tronbositopeni (TTS) nan pasyan ki te resevwa vaksen Johnson & Johnson. Malgre ke yo ra anpil, risk pou kèk boul nan san parèt pi wo nan fanm ki gen laj ant 30 ak 49 an.



Pou aprann plis, vizite [sit entènèt FDA a](#).

Ki jan vaksen Johnson & Johnson travay?

Vaksen Johnson & Johnson se pa yon vaksen mARN. Li se yon vaksen vektè adenoviris. Li itilize yon vèsyon modifiye viris grip ki rele adenoviris 26 pou enstwi kò ou pou fè pwoteyin ki rele Spike yo jwenn sou sifas kowonaviris la. Lè sa a, sistèm iminitè w la ka fè antikò kont pwoteyin sa yo pou pwoteje w kont COVID-19. Vaksen an pa p bay moun grip.

Vaksen Pfizer ak Moderna kont COVID-19 yo se vaksen mARN. Kisa sa vle di ?

Malgre ke vaksen mARN yo se yon nouvo kalite vaksen, chèchè yo te etidye ak travay sou yo pou plizyè ane. Yo pa genyen viris vivan epi yo pa ka lakòz COVID-19. Olye de sa, yo bay selil nou yo enstriksyon sou fason pou fè pwoteyin COVID-19 ki sou kouch ekstèn kowonaviris la. Lè sa a, sistèm iminitè nou an ka fè antikò kont pwoteyin sa yo epi pwoteje nou kont enfeksyon COVID-19. Vaksen mARN pa janm antre nan nwayo selil nou yo oswa ADN nou an. CDC gen [enfòmasyon sou vaksen mARN](#).

Èske mwen ka trape COVID-19 nan yon vaksen?

Non. Vaksen yo (Pfizer, Moderna, oswa Johnson & Johnson) pa genyen viris antye oswa viris vivan an e kidonk pa kapab lakòz COVID-19.

Mwen deja gen COVID-19. Èske mwen ta dwe pran vaksen an?

Wi, ou ta dwe toujou pran vaksen an. Gen prèv k ap grandi ke vaksinasyon apre enfeksyon ogmante pwoteksyon kont enfeksyon ak entèn lopital ki vin apre.

Si ou te enfekte ak COVID-19 nan twa dènye mwa yo, sa ki annapre yo aplike:

1. Ou ta dwe retade vaksinasyon an jiskaske ou refè apre maladi grav la epi ou satisfè kritè pou sispann izòlman.
2. Ou ka konsidere tou pou w retade seri prensipal ou oswa dòz rapèl ou a pa 3 mwa apre sentòm te kòmanse oswa tès la te pozitif. Ou ta dwe pran faktè endividyèl tankou risk pou yon enfeksyon grav COVID-19, nivo COVID-19 nan kominote a, ak karakteristik souch dominan an an konsiderasyon lè w ap pran desizyon si pou w retade pran vaksen COVID-19 apre enfeksyon.

Li plis sou [sitwèb CDC a](#).

Mwen te resevwa tretman antikò monoklonal pou anpeche oswa trete COVID-19. Èske mwen ka toujou pran vaksen an?

Wi, ou ka pran vaksen an. Anvan sa, CDC te rekòmande pou tann yon ti tan anvan vaksinasyon lè ou fin resevwa yon antikò monoklonal, swa pou pwofilaktik apre ekspozisyon oswa pou tretman apre enfeksyon. Gid ki ajou yo pa rekòmande pou retade administrasyon vaksen an. Apre yon enfeksyon, yo ka bay vaksen an yon fwa izolasyon ou te fini ak maladi grav ou a fini; apre yon ekspozisyon, vaksen an ka administre lè peryòd karantèn ou fini.

Ki efè segondè komen yon vaksen COVID-19?

Gen kèk moun ki gen efè segondè apre yo fin resevwa vaksen an. Pou pifò moun, vyepti efè segondè yo disparèt nan yon jou osinon de (2) jou. Sentòm yo rapòte pi souvan:

- Pou vaksen Pfizer - doulè nan kote yo bay piki a, fatig, maltèt, doulè nan misk, doulè nan jwenti ak frison.
- Vaksen Moderna: doulè nan kote yo bay piki a, fatig, maltèt, doulè nan misk, frison, doulè nan jwenti, anfleman nan gan lenfatik nan bra kote piki a te bay, kè plen ak vomisman, ak lafyèv.



- Vaksen Johnson & Johnson: doulè nan sit piki a, maltèt, fatig, doulè nan misk ak kè plen.

[Aprann plis sou efè segondè potansyèl yo](#)

Èske mwen ta dwe pran yon tès antikò COVID anvan oswa apre mwen pran vaksen COVID-19 la?

Tès antikò yo pa rekòmande kounye a pou evalye iminite a COVID-19 apre vaksinasyon COVID-19 oswa pou evalye nesosite pou vaksinasyon nan yon moun ki pa vaksinen.

Mask, distans sosyal ak varyant yo

E konsènan mask ak distans sosyal?

CDC te [aktualize rekòmandasyon li yo sou maskin](#). Rekòmandasyon CDC sou mask, ak lòt mezi, depann de nivo COVID-19 nan kominote a. Ou ka tcheke nivo kominote COVID-19 la ak [zouti CDC a](#). Tanpri konsilte resous eta ou oswa vil ou a pou plis detay, paske règ ki gouvènè mask obligatwa yo ka varye.

Pasyan ki [gen gwo risk](#) pou COVID-19 grav ta dwe wè [konsèy detaye](#) CDC sou maskin ak distans sosyal.

Tanpri sonje: Pasyan yo ak vizitè yo nan lopital Mass General Brigham yo ak etablisman swen sante nou yo dwe kontinye mete yon mask etablisman bay tout tan pandan yo nan etablisman nou yo. Anplwaye yo pral kontinye fè sa tou. Sa a se pou sante ak sekirite tout moun ki nan swen nou yo epi li rekòmande pa otorite sante piblik yo. Gade [règleman mask](#) nou an.

Ki sa ki varyant?

Viris yo toujou ap chanje pa mitasyon. Yon varyant gen youn oswa plis mitasyon ki fè li diferan de lòt varyant ki genyen. Jan nou te ka atann, plizyè varyant COVID-19 yo te dokimante nan Etazini ak nan lemond antye pandan tout pandemi sa a.

Dènye enfòmasyon sou Varyant Omicron a disponib sou [sitwèb CDC la](#).

Èske moun ki pran vaksen yo ka toujou pran COVID-19?

Malgre ke moun ki pran vaksen yo ka toujou enfekte, bon nouvèl la se ke vaksen yo ap ba ou pwoteksyon tout bon. Enfeksyon nan moun ki pran vaksen yo—yo rele "enfeksyon malgre vaksinen"—yo gen tandans pou yo pa twò grav oswa san sentòm. Sepandan, moun ki enfekte, menm si yo te pran vaksen an, ka toujou transmèt maladi a bay lòt moun.

Si pitit ou gen sentòm COVID-19 oswa yo te ekspoze, swiv konsèy sante piblik konsènan izolman, karantèn ak tès.

Vaksinasyon rete pi bon pwoteksyon kont viris la.

Opsyon tretman COVID-19

Èske gen opsyon tretman pou anpeche oswa trete COVID-19?

Pou pasyan ki entène lopital, gen opsyon tretman (egzanp Remdesivir) ki disponib pou pasyan ki gen tout laj. Pou pasyan ki gen 12 an oswa plis, Administrasyon Manje ak Medikaman (Food and Drug Administration—FDA) te bay otorizasyon pou itilizasyon ijans (EUA yo) pou plizyè opsyon tretman pou pasyan ekstèn pou anpeche ak trete COVID pou kèk popilasyon. Ou ka li plis sou opsyon tretman sa yo nan paj wèb Mass General Brigham sou tretman COVID-19 pou pasyan ekstèn yo.



Èske mwen ta dwe pran Ivermectin pou anpeche oswa trete COVID?

Medya yo rapòte ke kèk moun ka ap sèvi ak Ivermectin pou anpeche oswa trete COVID-19. Ivermectin se yon medikaman ki itilize pou trete parazit (ti bèt). Pa gen okenn done ki sipòte itilizasyon Ivermectin pou prevansyon oswa tretman COVID-19. Li pa apwouve pa FDA pou prevansyon oswa tretman COVID-19. Gen rapò sou moun nwizanse lè yo pran Ivermectin pou anpeche oswa trete COVID. Tanpri gade [FAQ \(Kesyon Moun Poze Souvan\) pa FDA](#) ak [Gid NIH pou Tretman COVID-19](#) pou plis enfòmasyon.

Alèji

Èske vaksen COVID-19 lakòz reyaksyon alèjik?

Te gen kèk rapò sou moun ki gen reyaksyon alèjik apre yo te pran vaksen an. Yon ti kantite moun te gen yon reyaksyon alèjik grav ki rele anafilaktik. Dapre sa a, Administrasyon Manje ak Medikaman (Food and Drug Administration—FDA) ak Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi (CDC) rekòmande ke moun ki gen yon istwa anafilaktik nan nenpòt engredyan nan yon vaksen COVID-19 pa ta dwe resevwa vaksen sa a. Moun ki gen lòt alèji manje oswa medikaman ka pran vaksen an.

An jeneral, pifò pasyan ki fè alèji ak yon sèl vaksen ka resevwa lòt vaksen san danje. Si w gen yon istwa reyaksyon alèjik grav ak vaksen, tretman enjektab, oswa nenpòt konpozan nan vaksen COVID-19 la, ou ta dwe di founisè swen prensipal ou oswa alèjis (si w genyen youn). Founisè w la ka ede w deside si li an sekirite pou w pran vaksen an.

[Aprann plis sou efè segondè potansyèl yo](#)

Èske mwen ka resevwa vaksen COVID-19 si mwen gen yon alèji manje oswa medikaman?

Ou ka pran yon vaksen COVID-19 si ou gen yon alèji manje oswa medikaman. Vaksen COVID-19 ki soti nan Pfizer, Moderna ak Johnson & Johnson pa gen jelatin, ze oswa an latèks. Sepandan, si w gen yon istwa anafilaktik akòz nenpòt ki kòz (manje, medikaman oral, venen, latèks), yo ka mete w anba obsèvasyon pou 30 minit apre w fin resevwa vaksen an.

Ki engredyan vaksen COVID-19 yo?

Vaksen COVID-19 ki soti nan Pfizer, Moderna ak Johnson & Johnson pa gen jelatin, ze oswa latèks. Menm jan an tou, bouchon boutèy yo pa fèt an latèks kawotchou natirèl. Pasyan ki fè alèji ak latèks ka resevwa vaksen Pfizer, Moderna, ak Johnson & Johnson pou COVID-19.

Vaksen Pfizer ak Moderna pou COVID-19 yo tou de genyen glikòl poli-etilèn. Reyaksyon ak glikòl poli-etilèn yo trè ra. Pasyan ki gen yon istwa reyaksyon alèjik ak glikòl poli-etilèn ta dwe di doktè yo anvan yo resevwa vaksen Pfizer oswa Moderna.

Engredyan vaksen COVID-19 yo

	Pfizer-BioNTech	Moderna	Johnson & Johnson	Novavax
Aktif	ARN mesaje ki modifiye pa nikleyozid (moderna) ki kode glikopwoteyin viral Spike (S) SARS-CoV-2 a	ARN mesaje ki modifiye pa nikleyozid (moderna) ki kode glikopwoteyin	Adenoviris tip 26 rekonbinant, enkonpetan pou replikasyon ki	Recombinant spike (rS) protein of SARS-CoV-2 and Matrix-M adjuvant composed of Fraction-A and



		viral Spike (S) SARS-CoV-2 a	eksprime SARS-CoV-2 Spike pwoteyin	Fraction-C of saponin extracts from the soapbark tree
Inaktif - lipids	(4-hydroxybutyl)azanediyilbis(hexane-6,1-diyl)bis(2-hexyldecanoate)	SM-102 (Propriyètè Moderna)		Phosphatidylcholine
	2[(polyethylene glycol [PEG]-2000)-N,N-ditetradecylacetamide	Polyethylene glycol (PEG) 2000 dimyristoyl glycerol (DMG)		Kolestewòl
	1,2-distearoyl-sn-glycero-3-phosphocholine	1,2-distearoyl-sn-glycero-3-phosphocholine		
	Kolestewòl	Kolestewòl		
Inaktif - sèl, sik, tanpon yo	Klori potasyòm, fosfat potasyòm monobazik, klori sodyòm, fosfat dibazik sodyòm dihidrat OSWA Trometamin, idroklorid trometamin	Trometamin, idroklorid trometamin, asid asetik, asetat sodyòm	Asid asid mono-idrat, trisodyòm sitrat di-idrat, 2-hydroxypropyl-β-cyclodextrin (HBCD), polysorbate-80	Potasyòm di-idwojèn fosfat, klori potasyòm, disodyòm idwojèn fosfat di-idrat, disodyòm idwojèn fosfat epta-idrat, sodyòm di-idwojèn fosfat mono-idrat, polysorbate 80
	Sik (sikwoz)	Sik (sikwoz)	Etanòl	
	Dilyan an, ki ajoute nan vaksen an pou yo bay li, se dlo saline (klori sodyòm)	Dilyan pa nesesè	Klori sodyòm	Klori sodyòm

Ki sa ki se yon alèji vaksen?

Menm jan ak alèji medikaman oswa manje, ou ka fè alèji ak yon engredyan nan yon vaksen. Apeprè mwatye nan reyaksyon alèjik ak vaksen yo rive nan premye 15 minit apre vaksen yo, ak 90% nan premye 30 minit yo. Pifò reyaksyon alèjik ak vaksen yo pa twò grav, tankou itikè (bousòl).

Yon reyaksyon alèjik grav yo rele anafilaktik, ki ra anpil, ki rive nan youn nan yon milyon moun pou pifò vaksen yo. Sentòm anafilaktik prèske toujou parèt nan 4 èdtan apre vaksinasyon an, pi souvan nan kèk minit. Sentòm yo an jeneral afekte plizyè pati nan kò a: itikè sou po a; anfleman nan bouch, lè, lang oswa gòj; ral, souf anlè oswa lestomak sere; oswa ipotansyon oswa pèt konesans.

Kisa k ap rive si mwen gen yon reyaksyon ak vaksen COVID-19 la?

Piske pifò reyaksyon alèjik yo rive nan premye 15-30 minit yo, tout pasyan yo obsève pou 15 minit apre vaksinasyon an pou wè si ap gen reyaksyon alèjik. Si w gen yon istwa anafilaksi, ou ka gen yon peryòd obsèvasyon 30 minit apre w fin pran vaksen an. Si ou gen yon reyaksyon alèjik, pèsònèl medikal ap trete ou imedyatman. Tout sant vaksinasyon yo ka fè dyagnostik ak jere reyaksyon alèjik epi yo gen medikaman disponib, tankou epinefrin ("Epi-Pen").

Ki moun ki ta dwe pale ak yon doktè anvan li pran vaksen an?

Yon konsiltasyon alèji/iminoloji ka itil pou w si w gen pwoblèm sa yo:



- Istwa alèji vaksen ak reyaksyon tankou demanjezon, gratèl, itikè, anfleman/angioedema, ral, souf kout, pwatrin sere oswa anafilaksi.
- Istwa alèji ak polyethylene glycol (PEG) oswa polysorbate, ak reyaksyon tankou gratèl, gratèl, itikè, anfle/anjyo-edèm, souf anlè, souf kout, sere nan pwatrin oswa anafilaksi.
- Yon reyaksyon a yon dòz vaksen COVID-19

Pasyan iminokonpwomi yo (sistèm pwotektè kò yo frajil)

Iminitè mwen frajil. Èske mwen ta dwe pran vaksen COVID-19 la?

Wi, li enpòtan anpil pou w pran vaksen an. Moun ki gen iminitè frajil yo gen plis risk pou yo gen enfeksyon grav oswa menm menen nan danje lanmò ak entèn lopital si yo enfekte ak COVID-19. Yo ka bay moun sistèm iminitè yo frajil vaksen COVID-19 san danje. Pou kesyon sou alèji ki gen rapò ak vaksen COVID-19 la, tanpri gade [FAQ \(kesyon yo poze souvan\) sou Alèji yo](#).

Pasyan sistèm pwotektè kò yo frajil yo gen ladan yo moun ki:

- Ap swiv tretman pou kansè aktyèlman
- Te resevwa yon grefaj ògàn solid epi yo pran medikaman pou siprime sistèm iminitè a
- Te fè yon grefaj selil souch nan de (2) dènye ane yo oswa k ap pran medikaman pou siprime sistèm iminitè a apre yon grefaj selil souch
- Te resevwa tretman selil CAR-T
- Gen iminodefisyans prensipal modere oswa grav (ki gen ladan tout pasyan k ap resevwa IVIG oswa SCIG akòz yon iminodefisyans de baz tankou iminodefisyans varyab komen (CVID); pasyan ki gen lòt iminodefisyans de baz epi ki pa resevwa ranplasman IgG yo ka avize sou yon baz ka pa ka)
- Gen enfeksyon VIH avanse (jeneralman defini kòm yon konte CD4 mwens pase 200 oswa yon pousantaj CD4 mwens pase oswa egal a 14) oswa pa trete
- Ap pran gwo dòz kòtikoterapi (sa vle di ekivalan a 20 miligram oswa plis Prednisone pa jou)
- Ap pran lòt medikaman ki ka siprime repons iminitè a (egzanp inibitè nekwoz timè oswa lòt ajan byolojik ki iminosipresif oswa iminomodilatwa tankou rituximab, ocrelizumab)).

[CDC a](#) rekòmande pou moun sistèm iminitè yo febli fason pa twò grav oswa grav pran yon piki prensipal anplis vaksen Pfizer oswa Moderna pou COVID-19, sa enkli moun ki te resevwa vaksen Johnson & Johnson pou seri vaksen prensipal yo.

Èske vaksen COVID-19 yo ban mwen menm pwoteksyon ak moun sistèm iminitè yo pa febli?

An jeneral, moun sistèm pwotektè kò yo febli yo mwens pwoteje pa vaksen pase moun ki gen sistèm iminitè entak. Nan ka moun k ap resevwa grefaj, pwoteksyon redwi sa a asosye ak medikaman iminosipresif (medikaman ki siprime sistèm iminitè) ke yo pran apre operasyon an ki siprime sistèm iminitè a pou kò a pa rejte ògàn yo resevwa a.

Repons antikò a vaksen COVID-19 nan moun ki fenk fè grefaj ògàn yo jeneralman pi ba pase sa tout lòt moun yo an jeneral, men tout bon, li toujou plis pwoteksyon pase lè moun nan pa pran vaksen menm.

[CDC a](#) rekòmande pou moun sistèm pwotektè kò yo febli fason pa twò grav oswa gravman resevwa yon piki anplis nan vaksen Pfizer oswa Moderna pou COVID-19, ki gen moun ki te resevwa vaksen Johnson & Johnson pou seri vaksen prensipal yo ladan.



Èske mwen ta dwe chanje medikaman iminosipresif (medikaman ki bese sistèm defans kò) mwen lè mwen pran vaksen an?

Ou pa ta dwe chanje medikaman iminosipresif ou sof si doktè ou di ou fè sa.

Èske mwen ka pran vaksen kont COVID-19 si mwen te fè yon grefaj ògàn?

Wi, ou kapab epi ou ta dwe pran vaksen an. Malgre ke yon vaksen COVID-19 ka mwens efikas pou ou, vaksen toujou rekòmande. Li toujou bay benefis enpòtan pou anpeche enfeksyon grav ak entènè lopital akòz enfeksyon COVID-19.

Founisè sèvis grefaj w lan ka ede w detèmine pi bon moman pou pran vaksen an epi li ka di w si w bezwen tès laboratwa pou grefaj apre vaksinasyon an.

Si mwen te fè yon grefaj ògàn solid, èske mwen ka sispann mete yon mask si mwen te pran vaksen an?

Moun ki resevwa grefaj yo ta dwe kontinye pran tout mezi sekirite COVID-19 pou pwoteje kont viris la. Sa a gen ladan mete yon mask nan espas piblik—ni andedan ak deyò (lè gen lòt moun ki toupre)—ak pratike distans sosyal.

Li enpòtan pou pwoteje tèt ou ak lòt moun lè w pran [mezi prevansyon kont COVID-19](#):

- [Rete ajou ak vaksen COVID-19 ou yo](#)
- Mete yon mask ki byen chita nan figi w
- Evite foul moun ak espas ki mal ayere
- Fè tès pou evite gaye bay lòt moun
- Lave men w souvan
- Kouvri touse ak estènen ou
- Kontwòle sante w chak jou

CDC gen plis enfòmasyon [sou sit entènèt li a](#).

Èske mwen ka fè yon tès antikò pou detèmine nivo iminite mwen kont COVID-19?

Dapre gid CDC, nou pa rekòmande tès antikò nan moman sa a. Nou toujou ap teste pi bon mwayen pou detèmine iminite. Nou pa konnen ki nivo antikò ki ta bay pwoteksyon nan pasyan grefaj yo. Epi tou, tès antikò pa mezire lòt kalite repons iminitè a, ke nou rele iminite selilè. Nou espere gen plis enfòmasyon byento.

Gwosès, alètman ak fètilite

Mwen ansent. Èske mwen ta dwe pran vaksen COVID-19 la?

Yo konsidere vaksinasyon kòm yon mezi san danje ki se pati swen woutin anvan akouchman yo. Pa egzanp, yo pa sèlman ofri vaksen kont refwadisman pandan gwosès, yo rekòmande li tou.

Dapre done ki montre ke fanm ansent yo gen plis risk pou yo vin malad grav ak COVID-19 ak nouvo done ki montre vaksen COVID-19 yo san danje epi efikas pandan gwosès, de pi gwo òganizasyon obstetrik ak jinekoloji, Kolèj Ameriken pou Obstetrisyen ak Jinekòlòg (ACOG) ak Sosyete pou Medikaman Matènèl ak Fetis (SMFM), [rekòmande atoutfòs](#) pou tout fanm ansent pran vaksen sa a.



Èske vaksen yo san danje pou fanm ansent?

Menm jan ak anpil nouvo medikaman ak vaksen, yo te etidye vaksen COVID-19 sou bèt ansent e etid sa yo pa montre okenn konplikasyon fètinite oswa repwodiktif nan ekspozè a vaksen an.

Okenn nan vaksen COVID yo pa gen viris vivan, epi yo pa ka fè pèsonn malad ak COVID, tankou fanm ansent oswa tibebe yo.

Yo te pibliye anpil etid sou fanm ansent, epi siveyans sekirite vaksen COVID-19 la pandan gwosès ap kontinye. Plis pase 100,000 moun ansent te resevwa vaksen an Ozetazini depi Desanm 2020 e jis kounye a CDC rapòte ke pa gen okenn enkyetid sekirite, tankou moun ki pa ka fe pitit, foskouch, domaj nesans oswa akouche anvan lè.

Sepandan, te gen plis ka yon san fè boul ki ra nan pasyan ki te resevwa vaksen Johnson & Johnson COVID-19. Se poutèt sa, nan dat 16 desanm 2021, CDC te bay mizajou sou rekòmandasyon li yo epi li endike vaksen Pfizer oswa Moderna pou COVID-19 yo preferab pase vaksen Johnson & Johnson.

[Pou aprann plis sou konsiderasyon vaksen an, gade sit CDC la.](#)

Si mwen deside pran vaksen an pandan gwosès mwen, èske mwen ka vaksinen nenpòt lè?

Li rekòmande atoutfòs pou w resevwa vaksen COVID la anvan gwosès oswa pi vit ke posib pandan gwosès la, akòz risk pou maladi grav nan COVID.

Mwen tande ke kèk moun te gen reyaksyon apre vaksinasyon an. Èske reyaksyon sa yo danjere pandan gwosès la?

Sentòm tankou lafyèv, doulè nan misk ak jwenti, fatig ak tèt fè mal se efè segondè komen nan touletwa vaksen COVID-19 yo. Pifò efè segondè ki pa twò grav yo disparèt nan yon jou osinon de2 jou epi yo pa konsidere kòm danjere. Si w enkyete w konsènan efè segondè vaksen yo ak gwosès ou, pale ak obstetrisyen (Doktè ki pran swen fi ansent) w anvan w pran vaksen an.

Èske gen enkyetid konsènan efè segondè grav nan vaksen Johnson & Johnson (Janssen) pandan gwosès?

Te gen rapò trè ra ka yon kalite boul san ki rele tronboz sinis venn serebral nan pasyan ki te resevwa vaksen Johnson & Johnson. Malgre ke yo ra anpil, risk pou kèk boul nan san parèt pi wo nan fanm ki gen laj 18 a 49. Se poutèt sa CDC te aktualize rekòmandasyon li yo nan dat 16 desanm 2021 epi li endike vaksen Pfizer oswa Moderna COVID-19 yo preferab pase vaksen Johnson & Johnson.

Moun ki te vaksinen ak vaksen Johnson & Johnson nan 21 jou ki sot pase yo epi ki gen gwo maltèt, doulè nan vant, doulè nan janm oswa souf kout ta dwe chèche swen medikal imedyatman.

Pou aprann plis, vizite [sit entènèt FDA](#) a.

Si mwen deside pran vaksen an pandan gwosès mwen, èske vaksen sa a ap pwoteje tibebe mwen an tou kont COVID-19?

Wi! Dènye etid sou moun ansent ki te resevwa vaksen kont COVID-19 pandan gwosès yo montre ke iminite a pase sou tibebe a. Iminite sa a ka bay tibebe w la pwoteksyon kont COVID-19.

Mwen bay tete. Èske mwen ta dwe pran vaksen an?



Aktyèlman yo ofri vaksen kont COVID-19 bay moun k ap bay tete. Yo pa panse vaksen COVID-19 yo reprezante yon risk pou tibebe ki tete ak manman ki pran vaksen an paske nenpòt eleman vaksen an ki pase nan lèt tete gen anpil chans pou yo inaktive rapidman lè tibebe a dijere lèt la.

Epitou, etid resan yo montre ke iminite w kont COVID-19 ka pase bay tibebe a atravè lèt tete apre ou fin resevwa vaksen an. Akademi Medsin Alètman rekòmande pou tout moun ki bay tete pran vaksen COVID-19 la.

Si mwen pran vaksen Pfizer oswa Moderna, kisa k ap pase si mwen vin ansent ant premye ak dezyèm dòz la?

Kolèj Ameriken pou Obstetrisyen ak Jinekòlòg (Doktè ki la pou akouche moun) te rasanble yon gwoup ekspè ki rekòmande pou pran kou vaksen an jiska fen depi yon moun kòmanse pran li pou moun nan ka resevwa iminite ki pi efikas ak pi rapid.

Mwen planifye yon gwosès nan ti tan pa twò lwen. Èske mwen ta dwe pran vaksen kounye a oswa tann?

Wi! Sa a se moman ki pi bon pou pran vaksen an. Vaksen COVID-19 yo pap fè ou paka fè pitit nan tan kap vini. Lè w pran vaksen an anvan ou ansent, sa ka anpeche COVID-19 pandan gwosès la. Li ka evite tou bezwen pou pran vaksen an pandan gwosès la.

Èske vaksen an ap afekte règ mwen?

Estrès, chanjman nan pwa ak egzèsis, ak lòt gwo chanjman jan lavi ka afekte peryòd. Tout chanjman sa yo komen pandan pandemi COVID-19 la. Etid yo montre tou ke kèk fanm ki te resevwa COVID-19 te fè eksperyans chanjman nan dire ak kouran sik règ yo.

Dènyèman, gen kèk moun ki rapòte chanjman nan règ yo apre yo fin resevwa vaksen COVID-19 la. Moun yo te rapòte chanjman nan dire, kouran, ak sentòm tankou doulè. NIH finanse etid pou pi byen konprann chanjman sa yo.

Sa [pa vle di](#) ke gen okenn koneksyon ak foscouch. Done yo kolekte nan men anpil fanm ki pran vaksen yo montre ke pa gen okenn risk ogmante nan pèt gwosès.

Èske si m pran vaksen an li ka afekte chans pou m vin ansent alavni?

Etid nan bèt kouplay pa te demontre ke vaksen COVID afekte fètilite. Done swivi nan moun ki te pran vaksen ki an laj pou fè pitit ansanm ak etid sou pasyan anvan ak apre vaksinasyon an pa montre okenn prèv ke vaksen COVID-19 lakòz pwoblèm fètilite (pwoblèm pou vin ansent) nan fanm oswa gason.

Si mwen te konplete seri vaksen prensipal mwen yo. Èske mwen ta dwe resevwa yon rapèl anvan gwosès, pandan gwosès oswa pandan m ap bay tete?

Wi. [CDC rekòmande](#) pou nenpòt moun ki gen 18 an oswa plis resevwa yon dòz rapèl. Yo montre dòz rapèl la bay pi fò pwoteksyon kont maladi grav ki te koze pa varyant COVID yo. Iminite sipleman tè sa a pral ede pwoteje ou ak tibebe w la.

Timoun yo

Èske timoun yo ka pran vaksen?

CDC rekòmande pou pasyan ki gen laj 6 mwa ak plis resevwa vaksen COVID-19 la. Vaksen Pfizer ak Moderna yo apwouve epi rekòmande pou pasyan nan gwoup laj sa a.



Timoun ki gen plis pase 6 mwa bezwen [yon konsantman](#) yon paran siyen pou yo resevwa yon vaksen nan yon lokal Mass General Brigham. Pasyan 16 ane oswa plis pa bezwen yon fòm konsantman paske vaksen sa a deja apwouve pa FDA. Sepandan, pasyan ki gen laj 16 ak 17 an dwe gen yon fòm konsantman ranpli pou resevwa yon dòz rapèl.

Ki orè vaksen an pou timoun ak adolesan?

Pou [pifò timoun](#):

- **Vaksen Pfizer COVID-19 pou timoun ki gen 6 mwa jiska 4 an:** seri prensipal la se 3 dòz. De premye dòz yo se 3 semèn apa. Twazyèm dòz la se omwen 2 mwa apre dezyèm dòz la.
- **Vaksen Pfizer COVID-19 pou timoun ki gen 5 jiska 17 an:** seri prensipal la se 2 dòz. Dòz yo se 3 semèn apa.
- **Vaksen Moderna COVID-19 pou timoun ki gen 6 mwa jiska 17 an:** seri prensipal la se 2 dòz. Dòz yo se 4 semèn apa.

Pou timoun ki gen [iminokonpwomi](#): orè vaksen an ka diferan. Tanpri gade [sitwèb CDC](#) pou plis detay.

CDC gen yon [zouti](#) ak yon [orè vaksen](#) ki ka ede w konprann kijan pitit ou a ka [rete ajou sou vaksen](#) COVID-19. Ou ka mande pedyat pitit ou a tou.

Èske pitit mwen an ka resevwa booster yo?

Tout timoun ak adolesan ki gen laj 5 an oswa plis ta dwe [rapèl vaksen ki ajou](#) omwen 2 mwa apre yo fin ranpli seri prensipal yo oswa dènye rapèl yo.

[Gade sitwèb CDC a](#) pou plis enfòmasyon sou orè ak delè vaksen yo.

Kouman mwen ka pran yon randevou pou pitit mwen an?

Nan Massachusetts, ou ka [vizite sitwèb Mass.gov](#) pou jwenn randevou pou pran vaksen toupre w oswa rele 2-1-1. Nan New Hampshire, ou ka tcheke [Vaccines.nh.gov](#) pou jwenn yon kote toupre w. Ou ka chèche [vaccines.gov](#) tou, voye tèks kòd postal ou a nan 438829, oswa rele 1-800-232-0233 pou jwenn yon kote.

Nou gen kamyon kominotè tou ki ofri vaksen COVID-19 gratis nan kèk jou ak lè; randevou pa nesèsè. Tanpri [tcheke kalandriye](#) a pou konnen ki lè nou pral nan vwazinaj ou an.

Ki vaksen pitit mwen an ta dwe pran: Pfizer oswa Moderna?

Timoun yo ta dwe pran nenpòt vaksen ki disponib. Si w gen kesyon, tanpri kontakte biwo pedyat pitit ou a.

Èske yon fòm konsantman nesèsè pou yon minè resevwa vaksen COVID-19 la?

Wi. Nenpòt moun ki gen laj 6 mwa jiska 15 an dwe gen yon fòm konsantman alekri ranpli epi siyen pa paran/gadyen yo anvan yo resevwa vaksen COVID la. [Telechaje fòm konsantman an](#).

Nou pa kapab aksepte konsantman nan bouch nan telefòn. Fòm konsantman an dwe siyen pa paran/gadyen an. Yon sèl fòm konsantman kouvri tou de (2) randevou vaksinasyon yo.

Pasyan 16 an oswa plis pa bezwen konsantman paske vaksen Pfizer la te apwouve pa FDA. Sepandan, pasyan ki gen laj 16 ak 17 an dwe gen yon fòm konsantman ranpli pou resevwa yon dòz rapèl.



Pitit mwen an pral gen 12 an ant premye ak dezyèm dòz vaksen COVID-19 la. Ki dòz Pfizer COVID-19 yo pral bay pitit mwen an?

Pou premye dòz pitit ou a, l ap resevwa dòz yo bay timoun 5 a 11 an (10 mikrogram). Pou dezyèm dòz la, CDC pèmèt paran/gadyen an chwazi. Sepandan, direktiv Mass General Brigham yo se bay dòz timoun 12 zan la pou dezyèm dòz la (30 mikrogram).

Èske pitit mwen an ka pran COVID-19 nan yon vaksen?

Non. Vaksen Pfizer ak Moderna yo pa genyen viris antye oswa viris vivan an e se poutèt sa pa ka lakòz pèsonn atrape COVID-19.

Ki jan nou fè konnen vaksen yo efikas?

Tou de vaksen Pfizer ak Moderna travay byen pou anpeche maladi grav ak lanmò akòz COVID-19. Syantis yo te jwenn ke chak vaksen pou timoun yo travay menm jan ak vaksen yo itilize nan granmoun. Tou de vaksen yo te pwodwi repons antikò ki sanble nan timoun ki poko gen 5 an menm jan ak jèn adilt yo. Tou de vaksen yo redwi risk pou pitit ou a gen yon konplikasyon grav nan maladi a.

Si pitit mwen an te deja gen COVID-19, èske li ta dwe pran vaksen an?

Wi. Timoun ki te deja gen COVID-19 ta dwe pran vaksen an. Moun ki resevwa vaksen an apre yon enfeksyon COVID-19 gen pi wo nivo antikò. Vaksinasyon apre maladi a bay menm pi bon pwoteksyon kont maladi a pase pwoteksyon maladi sèlman san vaksen bay.

Ki efè segondè komen vaksen Pfizer la te genyen nan timoun nan etid la?

Efè segondè ki pi komen se te doulè nan sit piki a. Sentòm ki pi souvan rapòte nan etid vaksen Pfizer la se fatig, maltèt, frison, lafyèv ak doulè nan kò. Menm jan ak granmoun ak timoun ki pi gran yo, reyaksyon sa yo rive pi souvan apre dezyèm dòz la.

[Aprann plis sou efè segondè potansyèl yo.](#)

Èske vaksen ARNm COVID-19 la lakòz myokadit (enflamasyon nan misk kè a) nan timoun?

Yo te rapòte myokadit kòm yon efè segondè ki [ra anpil](#) (apeprè 1 nan 20,000 moun) apre dezyèm dòz la oswa dòz rapèl, sitou nan gason ki gen 12-39 an. Risk pou pran myokadit nan vaksen an pi ba anpil pase risk pou pran myokadit nan COVID-19. Epitou myokadit moun pran apre vaksinasyon mwen grav pase sa ki vin apre COVID-19.

Nan timoun ki gen 12 an oswa plis ki te gen myokadit nan vaksen an, ka yo pa twò grav epi yo te refè byen vit. Sa se parapò ak apeprè 75% (apeprè 3 sou chak 4) timoun ki te gen myokadit ak MIS-C nan COVID-19, kote ka yo te grav ak efè ki dire lontan.

Poukisa mwen ta dwe konsidere fè pitit mwen pran vaksen an lè timoun yo pa konn malad anpil akòz COVID-19?

Li enpòtan anpil pou timoun yo vaksinen. Vaksinen timoun yo pral pwoteje yo, fanmi yo ak kominote yo. Malgre ke timoun yo gen mwens chans pou yo devlope maladi grav pase lòt gwoup laj, li ka toujou fè timoun yo malad anpil. Ka COVID-19 nan timoun yo ka mennen nan entènè lopital, sendwòm enflamatwa, ak konplikasyon ki dire lontan, tankou "COVID long." Gen timoun ki mouri akòz COVID-19, menm moun ki otreman an sante. COVID-19 te lakòz plis lanmò nan timoun ki gen tout laj pase tout lòt maladi ki kapab prevni ak vaksen aktyèlman ansanm. Li se 5yèm kòz prensipal lanmò nan timoun 1-4 an.

Pasyan ki gen kansè



Mwen gen kansè. Èske mwen ka resevwa vaksen COVID-19 la?

Wi. CDC di moun ki gen kansè yo ka pran vaksen COVID-19, depi yo pa te gen okenn pwoblèm ak vaksen deja.

Èske mwen ta dwe pran vaksen an si m ap swiv tretman kansè oswa èske mwen ta dwe tann jiskaske tretman mwen an fini?

Si tretman ou kounye a gen chimyoterapi, iminoterapi, tretman sible oswa tretman radyasyon ladan, ou ta dwe pale ak ekip swen sante ou a pou deside ki lè pou vaksinen.

Pou pran desizyon w, ou bezwen konsidere risk ou genyen pou w ekspoze a viris la, chans ou genyen pou w vin malad anpil si w trape viris la, ak ki lè w ap fini tretman w a.

Si ou fini ak tretman w, ou ta dwe pran vaksen an. Sa a konte pasyan ki toujou konn swiv ak Doktè ki te trete yo menm si yo gentan fini ak tretman oswa ki konsidere yo nan faz "siviv" nan chemen yo.

Èske vaksen yo ap entèfere ak tretman kansè mwen an?

Non. Nan moman sa a, pa gen okenn prèv ki montre vaksen yo pral afekte tretman kansè ou.

Pasyan ki te resevwa vaksen COVID-19 deyò Etazini

Èske mwen bezwen resevwa vaksen COVID-19 la ankò si mwen te resevwa li andeyò Etazini?

CDC a pran moun ki te resevwa tout dòz rekòmande [vaksen COVID-19 yo otorize pou itilizasyon ijans pa Òganizasyon Mondyal Lasante \(OMS\)](#) pou moun ki vaksinen konplètman. Sa a enkli moun ki te melanje ak matche de (2) vaksen diferan OMS apwouve.

Lis vaksen COVID-19 ki otorize pou itilizasyon ijans pa OMS apati 7 septam 2022

- Vaksen Pfizer-BioNTech pou COVID-19 (egzanp, BNT162b2, COMIRNATY, Tozinameran)
- Vaksen AstraZeneca-Oxford pou COVID-19 (egzanp, [ChAdOx1-S (recombinant)], AZD1222, Vaxzevria)
- Vaksen Serum Institute of India Pvt. LTD yo (Covishield, Covovax)
- Vaksen Janssen (Johnson & Johnson) pou COVID-19 (egzanp, Ad26.COVS.2.S)
- Vaksen Moderna pou COVID-19 (egzanp, mRNA 1273, Takeda, Spikevax)
- Vaksen Sinopharm / Beijing Institute of Biological Products (BIBP) pou COVID-19
- Vaksen Sinovac-CoronaVac pou COVID-19
- Vaksen Bharat Biotech International pou COVID-19 (egzanp, BBV152, COVAXIN)
- Vaksen Novavax (egzanp, NVX-CoV2373/Nuvaxovid)
- Vaksen CanSino Bio (Ad5.CoV2-S)

Moun ki:

- **Te konplete seri vaksen COVID-19 ki otorize pa FDA a (Johnson & Johnson, Moderna, Pfizer, Novavax):** Tout moun ki gen laj 5 an oswa plis ta dwe resevwa [dòz rapèl](#) resan (bivalan) si yo poko resevwa li. Moun ki gen iminikonpwomi modere oswa grav ta dwe resevwa yon dòz prensipal adisyonèl jan sa endike sou sit entènèt CDC la.
- **Te konplete seri vaksen COVID-19 ki otorize pou itilizasyon ijans pa OMS, men FDA pa fè sa:** Tout moun ki gen laj 5 an oswa plis ta dwe resevwa dòz rapèl resan (bivalan) si yo poko resevwa li. Moun ki gen iminikonpwomi modere oswa grav ta dwe resevwa yon dòz prensipal adisyonèl jan sa endike sou sit entènèt CDC la.



- **Konplete seri vaksen COVID-19 avèk melanj vaksen FDA otorize (Johnson & Johnson, Moderna, Pfizer, Novavax) ansanm ak vaksen OMS otorize pou itilizasyon ijans, men FDA pa fè sa:** Tout moun ki gen laj 5 an oswa plis ta dwe resevwa dòz rapèl resan (bivalan) si yo poko resevwa li. Moun ki gen iminikonpwomi modere oswa grav ta dwe resevwa yon dòz prensipal adisyonèl jan sa endike sou sit entènèt CDC la.
- **Te sèlman resevwa premye dòz yon vaksen Pfizer, Moderna oswa Novavax:** ta dwe resevwa dezyèm dòz la pi pre tan rekòmande a ke posib, men pa bezwen rekòmanse seri vaksen an. Tout moun ki gen laj 5 an oswa plis ta dwe resevwa dòz rapèl resan (bivalan) si yo poko resevwa li. Moun ki gen iminikonpwomi modere oswa grav ta dwe resevwa yon dòz prensipal adisyonèl jan sa endike sou sit entènèt CDC la.
- **Te sèlman resevwa premye dòz yon seri vaksen COVID-19 ki otorize pou itilizasyon ijans pa OMS, men FDA pa fè sa:** ta dwe ranpli seri vaksen prensipal la avèk yon sèl dòz vaksen Pfizer, Moderna oswa Novavax omwen 28 jou apre dènye dòz yo. Tout moun ki gen laj 5 an oswa plis ta dwe resevwa dòz rapèl resan (bivalan) si yo poko resevwa li. Moun ki gen iminikonpwomi modere oswa grav ta dwe resevwa yon dòz prensipal adisyonèl jan sa endike sou sit entènèt CDC la.
- **Te resevwa vaksen COVID-19 ki pa otorize pou itilizasyon ijans pa OMS:** Ta dwe ranpli seri vaksen prensipal la ak yon vaksen COVID-19 FDA apwouve/otorize (sa vle di, de (2) dòz vaksen Pfizer, Moderna oswa Novavax) omwen 28 jou apre dènye dòz yo. Tout moun ki gen laj 5 an oswa plis ta dwe resevwa dòz rapèl resan (bivalan) si yo poko resevwa li. Moun ki gen iminikonpwomi modere oswa grav ta dwe resevwa yon dòz prensipal adisyonèl jan sa endike sou sit entènèt CDC la.

Lòt Resous

Ki kote m ap ka jwenn plis enfòmasyon?

- Benefis Lè w Pran Vaksen COVID-19 - <https://www.cdc.gov/coronavirus/2019-ncov/vaccines/vaccine-benefits.html>
- Vaksen COVID-19 nan Massachusetts - <https://www.mass.gov/covid-19-vaccine-in-massachusetts>
- Administrasyon Manje ak Medikaman: Vaksen COVID-19 Pfizer-BioNTech - <https://www.fda.gov/emergency-preparedness-and-response/coronavirus-disease-2019-covid-19/pfizer-biontech-covid-19-vaccine>
- Administrasyon Manje ak Medikaman: Vaksen COVID-19 Moderna - <https://www.fda.gov/emergency-preparedness-and-response/coronavirus-disease-2019-covid-19/moderna-covid-19-vaccine>
- Konprann Vaksen ARNm COVID-19 - <https://www.cdc.gov/coronavirus/2019-ncov/vaccines/different-vaccines/mrna.html>
- Administrasyon Manje ak Medikaman: Vaksen COVID-19 Johnson & Johnson (Janssen) - <https://www.fda.gov/emergency-preparedness-and-response/coronavirus-disease-2019-covid-19/janssen-covid-19-vaccine#additional>
- Sit entènèt COVID-19 Mass General Brigham - <https://www.massgeneralbrigham.org/covid19>

